



### Byenvini nan Sèvis Sante OuterCape

Nou rekonesan deske ou chwazi nou kòm founisè swen sante w.

Nouvo Pakè Admisyon Pasyan sa dwe ranpli epi retounen a nou anvan ke premye randevou w la pwogramme.  
**Tanpri konplete tout fòm nan ak lank nwa sèlman pou asire lizibilite dokiman an lè li skane.**

Pakè sa gen ladann lis sa yo:

- 1) **Avi sou Pratik Konfidansyalite:** Tanpri revize avi sa ak anpil atansyon.
- 2) **Fòm Enskripsyon yon Pasyan:** Tanpri ranpli tout seksyon nan fòm sa a. Remake byen ke kòm nou se yon Sant Sante Federal ki kalifye, nou oblige kolekte enfòmasyon demografik konsènan pasyan nou ap sèvi yo. Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl.
- 3) **Kesyonè sou istorik Sante:** Yon rezime sou istorik medikal ou, medikaman, alèji, abitid sante ak istorik sante fanmi w. Tanpri ekri tout medikaman ke w ap pran yo, sa ki gen ladan nenpòt medikaman san preskripsiyan ak sipleman ou pran.
- 4) **Trètman, Pèman ak Akò sou Done yo:** Dokiman sa bezwen e dwe siyen anvan pou wè yon klinisyen.
- 5) **Otorizasyon pou Demann Enfòmasyon ki Pwoteje sou Sante:** Pou asire kontinite swen yo, nou dwe resevwa nenpòt dosye medikal nan men ansyen Founisè Swen Prensipal (PCP) ou anvan. Se responsablite w pou w ranpli fòm Otorizasyon an pou w ka ba nou pèmisyon pou nou mande dosye w nan men ansyen medsen w yo.

### Tanpri revize Responsabilite sa yo ki konsène pasyan yo:

- ❖ Asirans: Nou pa aksepte tout plan asirans. Si ou genyen yon asirans ke nou pa ranpli, ou responsab pou pèman nan moman sèvis la. Ou kapab soumèt resi a bay konpayi asirans ou an pou yo ranbouse w, byenke nou pa ka garanti ki tip de ranbousman ki ka fèt sou plan asirans ou an.
- ❖ Nou aksepte lajan kach, chèk epi kat kredi pou pèman yo.
- ❖ Si ou genyen yon plan asirans ki mande entèvansyon yon PCP, se responsablite w pou kontakte konpayi asirans nouvo PCP sa.
- ❖ Ko-pèman: Nenpòt ko-pèman ki obligatwa pou konpayi asirans ou an, sa dwe regle nan moman vizit ou an.
- ❖ Preskripsiyan: Nou mande yon Avi 48 èdtan pou trete tout demann renouvèlman preskripsiyan yo. Si ou mande yon renouvèlman medikaman yon jou Vandredi, li ka pa gentan disponib jiska Lendi.
- ❖ Sibstans ki kontwole yo pap ka renouvre nan moman premye vizite.

**Tanpri rive 20 minit anvan pou ou randevou.**

*Mèsi deske ou chwazi Sèvis Sante Outer Cape!*

## SÈVIS SANTE

Avi sa a dekri kijan enfòmasyon medikal ou dwe itilize epi pataje ak lòt moun ak kijan ou kapab jwenn aksè a li. Tanpri revize li ak anpil atansyon.

### **ITILIZASYON AK DIVILGASYON NOU YO**

#### ***Ki jan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante pa w ?***

An jeneral nou itilize enfòmasyon sante w nan fason sa yo .

#### **1) Pou trete ou**

Nou kapab sèvi ak enfòmasyon sante w pou pataje ak lòt moun k ap trete w.

**Egzanp:** Yon doktè kap trete w pou yon blesi mande yon lòt doktè sou kondisyon sante jeneral ou.

Sèvis Sante Outer Cape itilize yon dosye medikal ki an sekirite. Aksè nan dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon ki konsève nan Sèvis Sante Outer Cape yo limite a klinisyen ak anplwaye ki bezwen enfòmasyon yo pou trètman, pèman oswa pou rezon operasyon swen sante, oswa lòt rezon ki akseptab jan Avi sa a dekri.

Nan kèk ka, klinisyen nan lòt òganizasyon swen sante yo kapab jwenn aksè elektwonik a enfòmasyon sou sante ou ki te kreye oswa konsève nan Sèvis Sante Outer Cape, atravè yon rezo ki sekirize pou transmisyon enfòmasyon sou sante tankou Massachusetts Health Information Highway ("The Hiway "). Tout nan klinisyen sa yo oblige pran mezi pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo.

#### **2) Pou dirije òganizasyon nou an**

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante pa w pou ede pratik nou yo, amelyore swen ou epi kontakte ou lè sa nesesè.

**Egzanp:** Nou itilize enfòmasyon sante pa w pou evalye kalite swen nou bay yo.

#### **3) Pou bòdwo pou sèvis nou yo**

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w pou faktire epi kolekte pèman pou plan oswa antite sante, tankou moun, tankou manm fanmi ki responsab pou peye pou swen sante ou.

**Egzanp:** Nou bay konpayi asirans sante w enfòmasyon sou ou pou l peye pou sèvis nou yo.

#### ***Ki lòt fason nou kapab pataje enfòmasyon ou yo ?***

Nou otorize oswa oblige pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason, an jeneral nan fason pou kontribye pou byen publik, egzanp sante publik ak rechèch. Nou dwe ranpli anpil kondisyon nan kad lalwa avan nou pataje enfòmasyon ou yo. Pou plis enfòmasyon vizite sit web sa: [www.hhs.gov.privacy.hipaa](http://www.hhs.gov.privacy.hipaa)

## **AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

*Enfòmasyon pa w. Dwa pa w. Responsabilite pa nou*

### **Ed nan kad sante publik sante ak pwoblèm sekirite. Tankou:**

- Prevansyon maladi.
- Ede nan rapèl kèk pwodwi.
- Rapòte reyakson negatif ki rive sou kèk medikaman.
- Rapòte abi, neglijans oswa vyolans domestik.

### **Fè rechèch**

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch sou sante.

### **Konfòmite ak lalwa**

Si lwa leta oswa lwa federal yo egziste sa, nou ap pataje enfòmasyon ou yo. Sa gen ladann tou Depatman Sante ak Sèvis Imen si yo vle wè ke nou konfòme nou ak lwa sou enfòmasyon prive federal yo.

**Egzanp:** Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Massachusetts ("MIIS") se yon sistèm nan tout eta pou swiv vaksen yo ba ou ak fanmi w. Objektif la se asire tout moun nan tout Eta ak vaksen yo e ke dosye yo disponib lè nou bezwen yo, tankou lè yon timoun antre lekòl, nan yon ijans oswa lè ou chanje founisè swen sante ou . Ou ka chwazi pou w pa patisipe nan pwogram nan, men enfòmasyon w yo ap kontinye konsève nan baz done MIIS la. Chwazi soti ladann sèlman vle di ke w ap bezwen kenbe dosye vaksinasyon pitit ou a nan ka ou chanje doktè oswa pran vaksen nan yon lòt etablisman sante.

### **Reponn pou demann don ògàn epi tisi**

Nou pataje enfòmasyon sou ou ak òganizasyon akizison ògàn yo.

### **Travay ak a medikal egzaminatè oswa direkchè fineray**

Nou pataje enfòmasyon lè yon moun mouri.

### **Adrese demann sou konpansasyon travayè, lapolis epi kèk lòt demann gouvènman an.**

- Reklamasyon konpansasyon Travayè yo.
- Rezon pou respekte lalwa sou demann yon Ofisyèl Lapolis.
- Ak sipèvizon ajans sante pou aktivite ke lalwa otorize.
- Pou fonksyon gouvènman ki espesyal tankou militè, sekirite nasyonal ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo.

### **Repons pou pwosè epi aksyon legal**

Nou kapab pataje enfòmasyon sante sou ou nan kad repons a yon lòd tribinal oswa administratif, oswa nan repons a asiyasyon.

### **RESPONSABLITE PA NOU**

- Lalwa oblige nou pou kenbe konfidansyalite ak sekirite sou proteksyon enfòmasyon sante w yo.
- Nap kenbe ou enfòme si yon bagay rive nan kad enfòmasyon ou yo.

- Nou pral swiv obligasyon and pratik konfidansyalite yo ki dekri nan Avi sa a epi ba ou yon kopi.
- Nou pap pataje oswa itilize enfòmasyon w yo jan sa dekri nan Avi a sof si ou ba nou otorizasyon pou sa. Si ou chanje lide nenpòt ki lè, ou dwe fè nou konnen sa a travè yon korespondans.

## DWA PA W

Seksyon sa eksplike dwa ou epi kèk oswa responsabilite nou pou ede w.

### Jwenn yon kopi elektwonik de dosye medikal ou

Ou ka mande pou w wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa papye sou dosye medikal ou epi lòt enfòmasyon sante ke nou genyen sou ou. Mande nou kijan nou ka ede w fè sa. N ap bay yon kopi nan 30 jou apre demann ou an. Nou ka chaje yon frè rezonab ki baze sou pri an akò ak lwa leta ak lwa federal.

### Mande nou pou kòrige dosye medikal ou

Ou menm kapab mande nou pou korije enfòmasyon sou ou ke ou panse ki pa kòrèk. Mande nou kijan nou ka ede w fè sa.

Nou ka di "non" pou yon demann, men nou pral di w poukisa a travè yon korespondans ke wap jwenn nan 60 jou. Si nou di w "non", ou toujou gen dwa pou an dezakò avèk nou nan yo nòt ki ap nan dosye w.

### Mande komunikasyon konfidansyèl

Ou kapab mande nou kontakte w nan yon fason espesifik (telefòn oswa selilè telefòn) ak tout demann rezonab ap dwe apwouve.

### Mande nou pou limite nan sa ke nou ap pataje

- Ou kapab mande pou nou pa pataje oswa itilize sèten enfòmasyon sou sante w. Nou pa oblige dakò ak demann ou an epi nou ka di "non" si sa ta afekte swen pa w.
- Si ou peye kòb soti nan pòch ou pou swen sante w, ou ka mande nou pou pa pataje enfòmasyon sa yo ak konpayi asirans sante ou. Nou pral di "wi" sof si lalwa egzije nou pou pataje enfòmasyon sa yo.

### Jwenn lis moun ke nou pataje enfòmasyon ak yo

- Ou ka mande yon lis (kontablite) a chak fwa nou te pataje enfòmasyon sante w pou 6 ane ki sot pase yo anvan dat demann la, ak ki moun nou te pataje enfòmassyon yo e poukisa.
- Nou pral fè tout divilgasyon eksepte sa yo ki konsène trètman, pèman, operasyon swen sante ak nenpòt lòt divilgasyon ke ou te mande nou pou fè.

Nou pral bay youn kontablite sou ane kòm gratis, men li pral chaje yon frè rezonab ki baze sou pri si ou fè yon lòt demann nan 12 mwa.

### Jwenn yon kopi nan Avi Konfidansyalite a

Ou kapab mande yon kopi papye de Avi sa, menm si ou te dakò pou w jwenn vèsyon elektronik la.

### Ranpli yon fomilè plent si ou santi ke dwa w yo te vyole

- Ou ka pote plent, si ou santi nou te vyole dwa w lè w kontakte kote ou te resevwa swen yo, oswa nan kontakte

Ofisye Konfidansyalite Sèvis Sante Outer Cape la nan nimewo sa 508-905-2800.

- Ou kapab ranpli yon dosye plent ak biwo Depatman Sante ak Sèvis Imen pou Dwa Sivil, nan adrès sa :200 Independence Avenue, SW, Washington DC 20201, 1-877-696-677  
oswa [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints)
- Sèvis Sante Outer Cape pa pral aksyon kont ou si ou depoze yon plent.

## CHWA PA W

Pou sèten enfòmasyon sante ou kapab di nou chwa pa w yo sou sa nou ap pataje. Tanpri fè nou konnen si ou gen yon preferans klè sou fason nou patasje enfòmasyon nan sitiyasyon ki dekri anba a.

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, zanmi pwòch oswa lòt moun ki patisipe nan pran swen w.
- Pataje enfòmasyon nan kad sekou pou sitiyasyon katastwòf.

Si ou pa prezan, ou pa kapab kominike oswa ou nan yon sitiyasyon ijans, nou gendwa egzèse jijman pou detèmine si nou dwe divilge enfòmasyon bay lòt moun ki patisipe nan swen w. Nou ka pataje enfòmasyon tou lè sa nesesè pou nou dokimante sou yon menas serye ki ka afekte sante oswa sekirite moun.

Lwa federal ak lwa leta egzije pou ou bay yon otorizasyon espesifik alekri pou divilgasyon enfòmasyon sa yo: nòt sikoterapi, jan sa defini pa lalwa; komunikasyon ak sèten pwofesyonèl sante konpòtmantal; komunikasyon ant viktim vyolasyon domestik yo ak Konseye sou vyolans domestik yo; epi ant viktim agresyon seksyèl ak Konseye sou agresyon seksyèl yo; ak enfòmasyon ki gen rapò ak trètman sou move konsimasyon sibstans, tès VIH oswa rezulta; trètman maladi seksyèlman transmisib, ak tès jetenik. Anplis de sa, maketing ak vant enfòmasyon ou yo.

Nan ka pou kolekte lajan, si w pa vle nou kontakte w, tanpri rele nou nan Biwo Developman nan nimewo sa : 508- 905-2800.

## DWA POU CHANJE KEK TEM NAN AVI SA

Nou kapab chanje kèk tèm de Avi sa, e chanjman sa yo ap aplike pou tout enfòmasyon ke nou genyen sou ou. Nouvo Avi a pral disponib sou demann, nan Sèvis Sante Outer Cape ak sou sit entènèt nou an. **Dat Efektif Avi sa se Premye (1<sup>e</sup>) Novanm 2018.**

# Fòmilè Enskripsyon yon Pasyan

## Enfòmasyon Pasyan an (Tanpri enprime sèlman nan lank nwa)

Non Legal*	Siyati	Non	Inisyal nan mitan	Non Prefere w:
Sèks Legal ou (tanpri tcheke youn) *				<input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Gason
				Pwonon ke ou itilize:

\* Pandan Sèvis Sante Outer Cape rekonèt kantite tip jan / sèks, anpil konpayi asirans yo ak antite legal yo malerezman fè pa rekonèt sa. Tanpri asire w ke non epi sèks ou note nan plan asirans ou an dwe itilize tou nan dokiman ki gen rapò pou asirans, bòdwo epi korespondans. Si non prefere w ak pwonon ou itilize yo diferan de sa yo, tanpri enfòme nou sou sa.

Dat Nesans ou (mwa/jou/ane)	Nimewo Sekirite Sosyal ou
--------------------------------	---------------------------

## Enfòmasyon sou Kontak ou

Adrès lakay ou	Vil	Eta	Kòd postal
----------------	-----	-----	------------

Adrès (si li diferan de sa ki anwo a)	Vil	Eta	Kòd postal
---------------------------------------	-----	-----	------------

## Tanpri sèke nimewo telefòn prensipal ou a:

Telefòn Lakay ou  Se OK pou ou pou nou kite mesajri vwa? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Telefòn Selilè w  Se OK pou ou pou nou kite mesajri vwa? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Telefòn Travay ou  Se OK pou ou pou nou kite mesajri vwa? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Preferans sou Kominikasyon  <b>Tcheke tout sa ki aplike:</b> <input type="checkbox"/> Lapòs <input type="checkbox"/> MyChart <input type="checkbox"/> Imèl <input type="checkbox"/> Telefòn Prensipal  <i>Mòd rapèl Randevou pa mesaj tèks. Tanpri tcheke si ou prefere apèl sou telefòn.</i> <input type="checkbox"/>
--	--	---	--

Adrès Imel	Eske ou ta renmen enskri sou MyChart? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
------------	--

## Enfòmasyon Demografik

Enfòmasyon sa se pou rezon demografik sèlman e ki pap afekte swen ou yo. Kòm nou se yon Sant Sante Federal ki Kalifye, Sèvis Sante Outer Cape oblige kolekte enfòmasyon demografik ki konsène tout pasyan ke nou sèvi yo. Enfòmasyon ou bay yo konfidansyèl.

Eta civil	<input type="checkbox"/> Marye <input type="checkbox"/> Patenarya <input type="checkbox"/> Selibatè <input type="checkbox"/> Divòse <input type="checkbox"/> Lòt _____
-----------	--

Etnisite	Gwoop Rasyan (yo) (tcheke tout sa ki aplike)	Veteran Estati	Lang Prefere (chwazi youn)
<input type="checkbox"/> Panyòl/Latino <input type="checkbox"/> Non Panyòl/Latino <input type="checkbox"/> Enkoni	<input type="checkbox"/> Natifnatal Alaska <input type="checkbox"/> Natifnatal Awayi <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Moun Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Enkoni <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken <input type="checkbox"/> Blan Ameriken	<input type="checkbox"/> Devwa Aktif <input type="checkbox"/> Devwa Inaktif <input type="checkbox"/> Ou pa yon Veteran <input type="checkbox"/> Ou sou rezèv <input type="checkbox"/> Veteran	<input type="checkbox"/> Anglè <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Fransè <input type="checkbox"/> Pòtigè <input type="checkbox"/> Lòt _____

<b>Kontak Pasyan an</b>			
<b>Non moun pou Kontakte an ijans</b>	Nimewo Telefòn	Relasyon	
<i>Si ou genyen pi piti ke 18 lane, Depatman Sante Piblik mande pou ou bay enfòmasyon sou kontak sa yo paran/gadyen.</i>			
<b>Non Paran/Gadyen ou</b>	Nimewo Telefòn	Relasyon	
<b>Pèmisyon pou Pale/Pataje Enfòmasyon</b>			
<p>Mwen otorize divilgasyon enfòmasyon sou swen sante mwen yo pou bay moun ki endike anba la yo. Mwen konprann ke otorizasyon sa a se volontè, mwen konprann ke Sèvis Sante Outer Cape Health te divilge enfòmasyon sa a moun sa yo, Nou pap kapab asire konfidansyalite enfòmasyon sa yo. Mwen konprann ke otorizasyon sa pral rete efektif jiskaske Sèvis Sante Outer Cape resevwa yon avi alekri nan men mwen pou anile li.</p>			
<b>Non</b>	<b>Relasyon</b>	<b>Telefòn Nimewo</b>	
<b>Travay</b>			
<b>Estat Travay</b>  <input type="checkbox"/> Anplwaye aplentan <input type="checkbox"/> Anplwaye a tan pasyèl <input type="checkbox"/> Etidyan aplentan <input type="checkbox"/> Lòt: _____	<b>Okipasyon</b>  <b>Non Anplwayè/Lekòl ou</b>	Èske ou kouvri ak asirans lekòl oswa kote wap travay ?  <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
<b>Oryantasyon Seksyèl ak Idantite Sèks</b>			
<b>Oryantasyon Seksyèl</b>  <input type="checkbox"/> Madivin <input type="checkbox"/> Aseksyèl <input type="checkbox"/> Masisi <input type="checkbox"/> Omniseksyèl <input type="checkbox"/> Dwat / etewoseksyèl <input type="checkbox"/> Omo <input type="checkbox"/> Biseksyèl <input type="checkbox"/> Pa konnen <input type="checkbox"/> Panseksyèl <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Chwazi pa divilge	<b>Idantite Sèks</b>  <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Kesyone <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Transjanr Fi <input type="checkbox"/> Transjanr Gason <input type="checkbox"/> Genderqueer oswa ki pa binè <input type="checkbox"/> Chwazi pa divilge	<b>Sèks ou nan nesans.</b> <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Entèsèks <input type="checkbox"/> Chwazi pa divilge	
<b>Famasi Prefere</b>			
Non Famasi a _____		Adrès _____	
<b>Enfòmasyon sou Asirans</b>			
<b>Medikal</b>	Non Plan an	Nimewo Abòne a	Non Asire a
<b>Segondè</b>	Non Plan an	Nimewo Abòne a	Non Asire a
<b>Vizyon</b>	Non Plan an	Nimewo Abòne a	Non Asire a

# Fòmilè Demografik Anyèl



Non Pasyan an: \_\_\_\_\_

Dat nesans li: \_\_\_\_\_

Tout pasyan yo dwe konplete fòmilè sa e aktyalize li chak ane. Kòm nou se yon Sant Sante federal ki kalifye, li obligatwa pou nou jwenn enfòmasyon sa ki anba a. Enfòmasyon sa a se pou rezon sibvansyon ak rapò sèlman. Nou pa janm rapòt okenn enfòmasyon ki idantife yon moun pèsònèlman. Lalwa pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sa ke w rapòt anba a.

## Gwosè Fanmi w:

Konbyen moun ki nan kay kote fanmi w ap viv la? \_\_\_\_\_

## Revni:

Pandan ke w konte tèt ou, mari w oswa madanm ak tout timoun ou yo (sa yo ki gen 18 ane oswa pi piti laj ke ou rekonèt kòm timoun ki depann de ou nan kad deklarasyon taks federal ou) ki revni brit (revni anvan taks) ki genyen pou fanmi ou?

\$ \_\_\_\_\_ Chwazi youn:  Chak jou     Chak semèn     Chak mwa     Chak ane

## Estatí Sanzabri

Kisa ki pi byen dekri estati lojman/sanzabri ou?

- Yon risk pou sanzabri.
- Timoun ki nan risk pou vinn sanzabri.
- Kounye a pa sanzabri, men te sanzabri pandan 12 mwa kip ase yo.
- Ap viv nan yon abri.
- Ap viv ak lòt moun.
- Pa yon sanzabri.
- Sipò pèmanan pou lojman.
- Otèl pou moun ki pa marye.
- Lari, kan, pon.
- Nan lojman tranzisyonèl.
- Veteran ki riske pou vinn yon sanzabri.

## Migran/Estatí Travayè sezonye

Èske ou se yon migran oswa yon travayè sezonye pou agrikilti ?  Sezon     Migran     Ni youn ni lòt.

## KESYONÈ ANYÈL SOU ISTORIK SANTE

Tout enfòmasyon ou bay se estrikteman konfidansyèl e yo pral vinn yon pati nan dosye medikal ou. Tanpri reponn kesyon yo nan tout kapasite w, sitou nenpòt enfòmasyon ki nouvo oswa ki te chanje nan ane ki sot pase a. Ou ka kite kèk seksyon vid, men ou founisè a ka mande enfòmasyon yo pandan ke ou vizite biwo a.  
**Tanpri ranpli l ak Lank NWA sèlman.**

**Dat Konplete:** \_\_\_\_\_

### DEMOGRAFIK

Siyati \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_ Inisyal nan mitan \_\_\_\_\_

Dat nesans (mwa/jou/ane) \_\_\_\_\_

Kisa ki aktyèl idantite sèks ou? (Tcheke tout sa ki aplike}

- Gason
- Fi
- Fi-a-Gason (FTM)/Transjanr Gason
- Gason-Fi (MTF} Transjanr famm)
- Janrqueer, pa ni sèlman gason ni fanm.
- Lòt kategori sèks (oswa Lòt}, tanpri presize
- Dekline pou Reponn, tanpri eksplike poukisa

---

Ki sèks ou te ye pandan nesans ou e ki sou sètifikasi orijinal nesans ou? (Tcheke youn)

- Gason
- Fi
- Dekline pou Repons, tanpri eksplike poukisa

---

Ansyen Sous nan Swen Sante: (Non Founisè Swen Prensipal, Etablisman, Nimewo Telefòn)

---

Dat dènye vizit ou ? \_\_\_\_\_

Eske ou te konplete epi siyen yon fòmilè dechaj sou dosye medikal ou pou yon Espesyalis e yon Founisè swen prensipal, Sa ki gen ladann founisè pou sèvis sante mantal?  Wi       Non

Si sa pat fêt, tanpri ranpli epi siyen fòmilè dechaj yo.

### KONDISYON MEDIKAL : Sèke nenpòt nan kondisyon sa yo ke w te genyesn

Alèji oswa Opresyon	Kolestewòl (Wo nivo)	Tansyon ki wo
Asid / Lestomak brile	Konjestif, ensifizans kadyak	Maladi poumon
Alkòl	Depresyon ak/oswa Anksyete	Konjesyon nan sèvo (Estròk)
Anemi	Dyabèt	Maladi Tiwoyid
Atrit	Twoub nan konsomasyon ak alkòl	Lòt (lis):
Ti boul nan tete boul / Kys	Maladi Kè	
Kansè (timè)	Epatit	

### OPERASYON AK LÒT KA OSPITALIZASYON

Dat

Tip de operasyon/ ak rezon

Non lopital la

**DÈNYE TÈS DEPISTAJ** (egzanp , dènye mamografi, pap tès, kolonoskopi - Tanpri fè demann dènye dosye w kote tès sa yo te fèt la).

### LÒT DOKTÈ AK ESPESYALIS (Ekip Swen pou yon Pasyan)

Tip de Espesyalis	Espesyalis/ Etablisman	Tip de Espesyalis	Espesyalis/ Etablisman
Dentis		Gyn/OB	
Doktè pou je		Pediatri	
Dèmatoloji		Lòt	
Sikyatri (preskriptè)		Lòt	
Terapis/Konseye		Lòt	

**PRESKRIPSYON, MEDIKAMAN SAN PRESKRIPSYON AK PRODUI KI FET AK FEY**

Nom

Dòz

Frekans/Konbyen fwa

---

---

---

---

---

---

---

---

**ALEJI AK MEDIKAMAN**

Medikaman

Reyakson

---

---

---

---

---

**ALEJI AK SOUS MANJE E ENVIRONMAN**

Sous

Reyakson

---

---

---

---

---

**ISTORIK SOSYAL / ABITID SANTE AK SEKIRITE PÈSONÈL**

Okipasyon \_\_\_\_\_

Sitiyasyon lavi w \_\_\_\_\_

**Eta Sivil:**  Selibatè     Marye     Patenarya     Separe     Divòse     Vef**Fimen:** Eske ou konn itilize tabak Fimè aktyèl Ansyen Fimè Pa janm Fimen

Si w konn fimen, Konbyen ane ou geyen depi wap itilize tabak ? \_\_\_\_\_

Si w konn fimen, ki dènye ane ou te itilize tabak ? \_\_\_\_\_

Kantite pa jou : Sigarè \_\_\_\_\_ Siga \_\_\_\_\_ Vap/Pip \_\_\_\_\_ Gòm \_\_\_\_\_

---

Konbyen fwa ou bwè bwason ki gen alkòl nan ane ki sot pase a?

**Alkòl**

- Pa janm       Chak mwa       De a kat fwa pa mwa  
 De a twa fwa pa semèn       Kat oswa plis fwa nan yon semèn

Konbyen bwason ki gen alkòl ou te pran nan yon jou tipik kote ou tap bwè ane pase? (1 bwason = 12 ons (oz)      byè= 4 ons,      diven = 1.5 ons pou lespri)

- 0 bwason     1 oswa 2     3 oswa 4     5 oswa 6     7 a 9     10 ou plis

Konbyen fwa ou te gen sis oswa plis bwason nan yon okazyon pandan ane ki sot pase a?

- Pa janm     Mwens pase yon mwa     Chak mwa     Chak semèn     Chak jou  
oswa prèske chak jou
- 

**Sante Seksyèl** : Kilè ou te fè dènye tès pou efeksyon seksyèlman transmisib ( STIs ) ? \_\_\_\_\_

Eske ou te gen rapò seksyèl depi dènye fwa ou te fè pou STIs ?       Wi     Non

Si ou genyen yon enkyetid sou enfeksyon seksyèlman transmisib yo, e ki mande pou entèvansyon ak ijans, tanpri kontakte anplwaye Sante Seksyèl nou an nan nimewo sa, 774-538-3350.

---

**Dwòg**      Eske ou konn itilize medikaman lwazi oswa medikaman nan lari ?       Wi     Non

Eske ou konn mal itilize preskripsyon oswa itilize medikaman san preskripsiyan       Wi     Non

Eske ou konn bay tèt ou medikaman ak zegwi sa ki pa preskri a ou ?       Wi     Non

Èske ou ta renmen rankontre yon klinisyen pou diskite konfidansyèlman sou itilizasyon medikaman ?       Wi     Non

---

**Vyolans domestik**      Eske ou viktim déjà de vyolans vèbal, sikolojik, oswa abi fizik ?       Wi     Non

Eske ou konn santi w nan ensekirite oswa menase pa yon moun ki pwòch ou ?       Wi     Non

Èske w santi w an sekirite lakay ou?       Wi     Non

---

Rejim alimantè: Fè lis tout restriksyon ou genyen nan manje ? \_\_\_\_\_

Egzèsis : Ki kalite egzèsis ou konn fè ? \_\_\_\_\_

Konbyen fwa nan yon semèn? \_\_\_\_\_ Konbyen tan yon antrenman dire \_\_\_\_\_

Kafeyin: Kantite tas/bwason pa jou?

Kafe \_\_\_\_\_ Soda \_\_\_\_\_  
Te \_\_\_\_\_ Bwason enèji \_\_\_\_\_

Eske ou te etène lopital sikyatrik ?  Wi  Non

**Sante mantal** Eske ou konn eseye swaside tèt ou?  Wi  Non

**Sekirite Manje** Nan 12 mwa ki sot pase yon la, eske ou te konn gen enkyetid lè manje w pral fini avan ke w gen lajan pou achte plis manje.

Wi  Pafwa  Janmè

**Sante Fanm** : Eske ou ansent?  Wi  Non

Dat dènye peryòd ou \_\_\_\_\_ Peryòd ou vini chak \_\_\_ jou pou \_\_\_ jou

Pou kounye a eske ou a ap eseye pou tonbe ansent  Wi  Non

Si non, ki metòd kontwòl nesans ou itilize? \_\_\_\_\_

### ISTORIK MEDIKAL FANMI

Èske ou te Adopte? - Istwa Enkoni  Wi  Non

Manm Fanmi an	Laj	Vivan?	Si moun nan mouri, sa ki lakòz	Laj lè moun nan mouri
Manman				
Papa				
Frè ak sè (yo)				
Timoun yo				
Lòt				

### Mèsi a oumenm ki Konplete fòmilè sa

**Otorizasyon pou demann  
Enfòmasyon pou Pwoteje Sante**



<b>Non Pasyan an</b>	Siyati	Non	Premye Dat N esans P asyan a (mm/jj/aaaa)
<b>Adrès Pasyan an</b>	Lari	Vil/vil	Eta Kòd p ostal
<b>Nimewo Telefòn Pasyan an</b>			
Mwen otorize epi mande pou yo voye yon k opis dosye medikal mwen pa lapòs oswa faks bay:			
<p style="text-align: center;"><b>Outer Cape Health Services</b>  <b>PO Box 598, Harwich Port, MA 02646</b>  <b>Faks: 508-487-6298</b></p>			
Pou rezon: <input type="checkbox"/> Pèsonèl <input type="checkbox"/> Legal <input type="checkbox"/> Transfè Swen <input type="checkbox"/> Lòt			
Enfòmasyon yo mande: _____			<input type="checkbox"/> Tout Dosye
Kouvrri peryòd ki s otí nan: _____ pou rive nan _____			
<b>Ansyen Enfòmasyon sou Pratik</b>			
Pratike Non			
Adrès p ratik			
Nimewo t elefòn	Nimewo Faks		

<b>Pwoteje anba Lwa Eta a : Tanpri i nisyala nba a</b>	
Tretman pou abi alkòl ak/oswa dwòg	MWEN Otorize. Inisyal:
VIH/Maladi Transmisible*	MWEN Otorize. Inisyal:
Tès jenetik	MWEN Otorize. Inisyal:
Sèvis Sante Mantal	MWEN Otorize. Inisyal:

(Sèvis S ante M antal p a y on e spesyalis e nfimyè k linik, S ikològ, T ravayè S osyal, p wofesyonèl k onseye o swa y on d oktè k i e spesyalize n an p sikyatri k i g en lisans d apre d ispozisyon T it 3 2)

Otorizasyon sa a valab pou divilige Enfòmasyon sou S ante Pwoteje pandan 180 jou apati dat ki a OSWA (tanpri endike):	
q yon d ivilgasyon yon sèl fwa q lè yo sispann sèvis yo q jiskaske yo revoke alekri q lòt	
Non P asyan o swa Reprezantan Legal (Ekri an lèt detache) _____	
Adrès:	_____
Siyati Pasyan o swa Reprezantan Legal:	Dat: _____
Relasyon ak Pasyan:	Nimewo telefon: _____

**Pou p ratik v oye d osye tanpri v oyestelman sa k i annapre y o:**

- Fèy a ntreyen s ante
- Dosye v aksen a n
- Dènye C PE
- 3 dènye n òt v izit b iwo y o
- Laboratwa p ou a ne a ktyèl a k a ne a nvan y o
- Tout r apò p atoloji
- D ènye r apò P AP a k n enpòt r apò k i p a n òmal
- Dènye k olonoskopi a k n enpòt r apò k i pa n òmal
- Dènye m amogram a k n enpòt r apò k i p a n òmal
- Dènye r adyografi p watin a k n enpòt r apò k i pa n òmal
- Tout e tid M RI, C T, e ntèvansyon r adyoloji
- Tout k onsiltasyon n an 2 ane k i sot p ase y o e ksepte, n an tout k onsiltasyon k adyoloji, n koloji, n eropsikyatri a k d oulè.
- Tout t ès k adyoloji n an 2 dènye a ne y o
- Tout t ès n ewolaji ( EMG, E EG) o swa t ès p oumon n an 2 ane k i sot p ase y o
- R ezime e gzyat l opital l a
- Tout d osye s ante m antal p ou 2 dènye a ne y o

\*Yon o torizasyon s epare p ou c hak d emann p ou d ivilge r ezilta t ès V IH/SIDA, M GL c 111§ 7 0F.

\*\* D ivilgasyon e nfòmasyon y o d we k onfòmasyon y o a k L wa s ou K onfidansyalite H IPAA f ederal I a a k R ègleman F ederal K onfidansyalite s ou A lkòl a k A bi Dwòg K liyan, 4 2 C FR, p ati 2 règleman y o. N òt p ou m oun k a p r esevwa y o: S a a gen e nfòmasyon k onfidansyèl. 4 2 C FR p ati 2 entèdi o u f è o kenn l òt enfòmasyon s a y o s òf s i k onsantman a lekri m oun l i k onsène a p èmèt l i o swa s i lalwa p èmèt s a . Y on o torizasyon j eneral p ou d ivilge e nfòmasyon m edika oswa l òt e nfòmasyon P A s ifi p ou o bjektif s a a . R èg f ederal y o m ete r estriksyon s ou n enpòt i tilizasyon e nfòmasyon y o p ou e nvestige k riminèl o swa p ousw nenpòt a bi a lkòl o swa d wòg.

Mwen d ivilge e nfòmasyon s ou s ante m wen p ou o bjektif k i endike a nwo a . M wen k onprann k e y on f wa y o t e d ivilge e nfòmasyon s a y o b ay m oun k a p r esevwa y o, O CHS p a k a g aranti k e m oun k a p r esevwa a pa p ral r e-divilge e nfòmasyon s ante m wen a n b ay y on t wazyèm p ati. T wazyèm p ati a ka p respekte O torizasyon s a a oswa l wa f ederal a k e ta k i a plikab k i gouvène i tilizasyon a k d ivilgasyon e nfòmasyon s ou s ante m wen.

Si mwen g en k esyon s ou d ivilgasyon e nfòmasyon s ou s ante m wen, m wen k a k ontakte O fisye K onfòmite S èvis S ante O uter C ape a : 5 08-905-2820  
oswa p atientexperience@outercape.org

Yon faks o swa y on k opi d okiman s a a v alab k òm o rijinal l a.  
Eskane D okiman K onplete y o b ay E MR: K onsantman a k K ontra

Revize 1/12/2024